**РЕЗЮМЕ.** В статье проведен сравнительный анализ падежных систем существительных в каракалпакском и английском языках. В ходе исследования было установлено, что существуют сходства в морфологической структуре именительных и родительных падежей в каракалпакском и английском языках. А значения других падежей существительных каракалпакского языка в основном выражаются посредством предлогов и порядка слов в английском языке.

**SUMMARY.** The article provides a comparative analysis of the case systems of nouns in the English and Karakalpak languages. During the research, we found out that there are similarities in the morphological structure of the nominative and genitive cases in the Karakalpak and English languages. And the meanings of other cases of nouns in the Karakalpak language are mainly expressed through prepositions and word order in the English language.

## SHAŃARAQ KONCEPTI QARAQALPAQ NAQÍL-MAQALLARÍ MÍSALÍNDA

**G.A.Berdimuratova –** *izleniwshi*

*ÓzRIA Qaraqalpaqstan bólimi Qaraqalpaq gumanitar pánler ilimiy izertlew institutı*

**Tayanch so'zlar:** lingvomadaniyat, kontsept, oila, aksiologiyalik stereotip leksema, kontseptsfera .

**Ключевые слова:** языкознание, концеп, лингвистика, словарь, лексема, сема.

**Key words:** linguistics, concept, linguistics, dictionary, lexeme, seme.

Dúnya tanıwda til kartinası-bul kóz-qaraslardıń, dúnya qurlısınıń tildegi tariyxıy jaqtan qáliplesiwi вolip tabıladı. Hár bir tábiyǵıy tilde ózine say bolǵan dúnya kartinası qáliplesedi. Sol sebepli búgingi kúnde dúnya til biliminde shańaraq koncepti termini menen baylanıslı kategorial-semantikalıq izertlewler alıp barılıp, onda "shańaraq" kontseptosferasınıń hár bir xalıq til biliminde de konceptler sheńberinde izertlewi, onıń semantikalıq qásietlerin úyreniliw hám xarakteristikalawı sıyaqlı baǵdarlarda bir qansha ilimiy jumıslar islengen [1:34].

Kórkem shıǵarmalarda shańaraq konceptiniń izertleniwi, waqıya-qubılıslardıń belgi hám ózgesheliklerin qanday tárizde ańlatıwı, múnásibet bildiriwi, sonıń menen birge, bildirip atırǵan múnásibetinde milliy mádeniyat, milliy kolorit, turmıs formasınnan kelip shıǵıp jantasıwı sıyaqlı qatar máselelerdi izertlew tiykarǵı maqset esaplanadı. Bul izertlewler, álbette, ótken dáwirdegi ilimpazlardıń biybaha miynetleri hám tájiriybelerine súyenedi. Olardıń bul baǵdardaǵı miynetleri tek ǵana bul tarawdıń ilimiy jetiskenliklerin úyrenip ǵana qoymastan, usı tarawdıń rawajlanıwına da óz úlesin qosadı.

Konsepsiyanı analiz qılıwda J.Lakoff, M.Jonson, Langaker, R.Djekendorf hám de S.Stepanov, A.P.Babushkin, Yu.D.Apresyan, S.X.Lyapin, V.I.Karasik, D.O.Dobrovolskiy, N.N.Boldyrev, I.A.Sternin, E.S.Kubryakova, Yu.N.Karaulov Sh.Saparov, D.Ashurov sıyaqlı ilimpazlardıń ilimiy jumısların atap ótsek boladı.

Biz bul maqalamızda qaraqalpaq xalqınıń mádeniyatında shańaraqtıń ornı haqqında azla- kem sóz etemiz.

Shańaraq tiykarı arabsha "bala-shaǵalı, niyozmand" mánislerin ańlatıwshı "oil" sózinen shıqqanlıǵı " Farhangi tili tájiki"da belgilengen. Insan qálbi hám sanasindaǵı eń taza, pák sezimler, ómirdegi dáslepki túsinik hám kóz-qarasları shańaraqta qáliplesedi.

Xalqımızda insannıń qanday ekenligi, onıń ózin tutıwı, tárbiyası, minez-qulqı shańaraǵına bolǵan múnásebeti menen bahalanadı. Bul bolsa onıń jámiyette óz ornın tabıwında áhmiyetli orın tutadı. Shańaraqta jazılmaǵan sonday nızam-qaǵıydalar bar, olar neshe ásirler dawamında ata-babalarımızdan áwladtan-áwladqa ótip kiyatir. Shańaraq hár bir xalıqtıń, millettiń, dawam etiw waqtın saqlawshı, milliy qádiriyatlardıń rawajlanıwın támiyinleytuǵın ruwxıy hám fizikalıq bárkámal áwladtı dúnyaǵa keltirip tárbiyalaytuǵın múqaddes mákán sanaladı. Sol tiykarda biz ilimiy izertlewimizde shańaraq leksikası menen baylanıslı naqıl-maqallarǵa toqtap ótemiz.

Qanday da bir sózdiń mánisin biliw úshın tusindirmeli sózlikten paydalanamız hám usı sóz mánisin túsiniw arqalı tiyisli koncept penen tanısamız. Eń bir bahalı pikirlerdiń biri D.S. Lixachevtıń pikiri boyınsha:»...koncept tuwrıdan tuwrı sóz mánisinen kelip shıqpaydı, ol sózdiń túsindirmeli sózliktegi mánisi menen jeke adamnıń hám xalıqtıń turmıslıq tájiriybesi menen soqlıǵıw nátiyjesinen payda boladı» dep kórsetip ótken [2:17].

Mısalı: *Aǵayınniń azarı bar da, bezeri joq.*

*Ósik bawırǵa qabırǵa jaqın.*

*Aǵayin bar bolsań kóre almas, joq bolsa bere almas* [5:23].

Bul mısalda qaraqalpaq tilinde aǵayin, bawır sózleri jaqın insanlar ushın qollanıladı.Olar arasındaǵı bekkem baylanıslar qanshelli qádirlewi aytılıp ótilgen. Turmısta jaqın insanlarımız kewline tiysede qaraqalpaq xalqı óziniń jaqın tuwısınan hesh qashan bezgen emes.

Shańaraq institutı hár bir shaxstıń ózine tán individual qásiyetleri menen mádeniy, psixologiyalıq hám sociallıq jaqtan anıq bir lingvokulturalıq ortalıqqa maslasıwın támiyinlewshi eń bir áhmiyetli jámiyetlik institut bolıp esaplanadı. Ózge sociokulturalıq keńliktegi wákiller menen qarım-qatnasıqlardı insan óziniń ortalıǵındaǵı stereotipler, óziniń mádeniyatı menen salıstırǵan halda bahalaydı. Bul stereotiplerdi, mádeniy baylıqlardı insan birinshi náwbette shańaraqtan aladı.

Mısalı:

*Qus uyada neni kórse, ushqanda sonı isleydi.*

*Úyde ońbaǵan dúzde ońbas.*

Joqarıda keltirilip ótilgen 1-mısallarda *qus*- perzent bolıp ol ata-ansınıń aynası esaplanadı, sebebi hár bir bala óz shańaraǵına úyrengen tálimnen juwmaq shıǵarıp háreket jasaydı. 2 – mısalda ońbaǵan sózi qopal mánide berilgen bolıp tárbiyasız perzentlerge qarata aytıladı.

Shańaraqta balalıqtan qáliplesken biybaha mádeniy miyraslar, qarım-qatnaslar, tártip-intizam, urp-ádet hám dásturler insan ushın eń baslı anıqlawshı baǵdar bolıwı menen birge, onıń ómiri dawamında bul stereotipler ózgerislerge ushırawı mumkin.

V.A.Maslovanıń pikirinshe, qanday da bir xalıqtıń mádeniyatı ushın dúnyanıń biybaha hám aktual anaw yaki mınaw qublısları tildegi naqıl-maqallardıń, prozalıq hám poetikalıq shıǵarmalardıń temaları bolıp esaplanadı [3:37-38].

Ulıwma insanıylıq, milliy ózgesheliklerge (sociallıq, etikalıq, ádep-ikramlılıq) iye bolǵan shańaraq fenomenin universal konceptler qatarına kirgiziwge boladı. Shańaraq koncepttiń milliy ózgesheligin tek ǵana basqa mádeniyat mazmunı menen salıstırǵan halda úyreniw múmkin. Bul jerde salıstırmalı qatnas arqalı úyreniw boyınsha bir qatar ilimpazlardıń (Yu.V.Jeleznova, A.A.Mamedgasanova, N.N.Zanegina, M.A.Terpak, A.S.Trushinskaya, E.S.Sirotkina) miynetlerinde kórsetip ótilgen. Bunnan tısqarı , ilimpazlar dıqqat itibarın shańaraq konceptine jaqın bolǵan basqa da tuwısqanlıq mánisindegi sózlerdi reprezentaciyalaw arqalı payda bolǵan konceptlerge qaratıp keldi.

Neke hám shańaraq, shańaraqtaǵı tuwısqanlıq qarım-qatnasıqlardı,ondaǵı mashqalalardı atawshı terminlerdiń semantikasın úyreniw boyınsha qazaq ilimpazlarınıń qatar izertleniw jumısları arnalǵan. Bunda qazaq ilimpazı X.Argınbaevtıń «Qazaq shańaraǵı» atlı miyneti 20 jıllıq etnografikalıq hám arxivlik izleniwler nátiyjesinde jazılǵan.

Orta Aziya xalıqları sıyaqlı qaraqalpaq xalqı da ózine tán bolǵan shańaraqtaǵı salt-dastur, milliy qadiriyatlar, úrp-ádetlerge oǵada bay xalıq bolıp esaplanadı. Bul óz náwbetinde kontrosferanı payda etedi. Sh.S.Saparovtıń pikrine qaraǵanda, kognitiv filologiyanıń tiykarǵı wazıypası insan sanasında bolıp ótetuǵın mental processlerdi tilge tiyisli

iskerlik menen baylanıslı halda úyreniw bolıp tabıladı, onıń analiz obyekti bilim alıw hámde ámelde qollaw esaplanadı [4:11].

Qaraqalpaqlarda shańaraqta hám jámiyetlik orınlarda ózin tutıw qaǵıydaları usı kúnge shekem qatań saqlanıp kelmekte. Shıǵıs xalıqları sıyaqlı qaraqalpaqlar awqattı jer taxtayda (polda) otırıp, dásturxan átirapında qoyıw awqattı qol menen, suyıq awqattı bólek arnawlı ıdıslarda jeydi. Ayqattan aldın qoldan suw alıw, juwıp bolǵan soń qoldı silkimew, awqat jewdi jası úlkennen yaki miymannan baslaw úrp-ádet qaǵıydaları saqlanıp, bul azadalıqtıń, hurmet-izzettiń belgisi bolǵan. Búrıngı zamanlarda suyıqlıq retinde ayran, qatıqlardı ishken, al shay ishiw dástúri Orta Aziya xalıqlarında, sonıń ishinde qaraqalpaqlarda 19 ásirdiń baslarında payda bola baslaǵan.

Shańaraqta náresteniń tuwılıwı qaraqalpaq xalqında úlken qızıǵıwshılıqtı payda etedi. Nárestege at qoyıwǵa ayrıqsha itibar qaratıladı.. At qoyıw ushın jası úlken aqsaqalǵa yamasa diniy ulamalarǵa usınıs etedi. Náreste tuwılǵan soń 40 kúnnen qırqınan shıǵarıp shomıldırıw máresimi boladı hám úlken etip besik toyın, nániresteni besikke salıw dásturin ótkeredi.Bunda dushpanǵa ayawsız bolsın dep kópshiktiń astına piyaz, burısh, pıshaq qoyadı, nesiybesi mol bolsın dep nan koyadı, al ayaq ushına bolsa ómir jolı jarıq bolsın dep ayna qoyadı. Balanıń besigine yaki kiyimine jaman kózden, qáwip-qaterlerden saqlap tursın dep hár qıylı tumarlar taǵıp qoyadı.

Qaraqalpaq toyları túrkiy tilles xalıqları sıyaqlı bir neshe basqıshta ótkeriledi.Tiykarǵı basqıshları : 1)kelisim, 2) qızdıń úyinde kishi mereke(patiya toyı), 3) toy kúni (kelinniń hám kúyewdiń uylerinde toylar). Kúyeúdiń ata-anaları qız tárepke sawgaların(sarpayların) tapsıradı. Bunda tareplerdiń jası úlkenleri nekege ruxsatın, patiyasın beredi. Soń qızdıń qalımın kelisip aladı.

Shańaraq – qaraqalpaq xalqı ushın eń baslı tárbiya orayı bolıp, insan ómirinde áhmiyetli orındı tutadı. Tárbiyanıń eń birinshi sabaqların shańaraqtan aladı, biybaha shańaraqlıq dástúrler, joqarı insanıylıq pazıyletler usı shańaraqta qaliplesedi hám áwladtan áwladqa ótedi. Shańaraqtaǵı tárbiya jeke insannıń ósip-óniwinde úlken orın iyelep, ómiri dawamında úlken tásir etedi. Shańaraqtı úyreniw, onı sociologiyalıq, psixologiyalıq hám pedagogikalıq jaqtan izertlew ilimpazlardıń dıqqat orayında bolıp kelmekte.

Qaraqalpaq shańaraqlarında kópshilik jaǵdaylarda tek ǵana ákesi,anası, balaları jasap qoymastan, úlken atası, kempir apası, basqa úylengen aǵası yaki inisi, olardıń balaları, aqlıqları menen birgelikte ulken shańaraq bolıp jasaydı. Bunday birgelikte jasaw, bir dastúrxan basına toplanıp awqatlanıw tuwısqanlıq qarım-qatnastı bekkemlew menen birge, oǵada úlken tárbiyalıq xarakterge iye boladı. Dastúrxan átirapında birgelikte otırıp shańaraqtagı mashqalalardı sheshedi, másláhatlesedi, ruwxıy hám materiallıq tareplerinen birin-biri qollap- quwatlaydı. Shańaraqtaǵı bunday qarım-qatnas, jasaw tárizi balalarda tınısh-tatıwlıqtı, awızbirshilikti, sabırlılıqtı, birlikti, talap-shańlıqtı, ǵamxorlıq hám kishipeyillik qusaǵan joqarı insanıylıq pazıyletlerdi qaliplestiredi. Eger shańaraqtan bir xojalıq bóleklenip ketse de, olar jası úlken ata-analarınıń dıqqat itibarında bolıp, olarǵa xojalıq jumıslarında qarasıp, bala tárbiyasına da itibarın úzbey, járdem berip turadı. Bunday shańaraqlar júdá bekkem hám tatıw boladı. Shańaraqtaǵı tárbiyanıń nátiyjeliligi áwladlardıń sanına hámde awızbirshiligine júdá baylanıslı.

Qaraqalpaq xalqında shańaraqta hayal-qızlarǵa bolǵan qarım-qatnas júdá joqarı dárejede bolıp, basqa xalıqlarǵa salıstırǵanda únamlı ústemliklerge iye. Shańaraqtaǵı qız bala-ol baxıt, jetiskenlik, pakizelik, xojalıq ırısqısı, tazalıq nıshanı bolıp esaplanadı. Qız balaǵa bolǵan húrmet ayrıqsha bolıp, olardı sıylı orınǵa-tórge otırǵızadı.

Qaraqalpaq xalqınıń jasaw turmıs tárizi tárbiyaǵa oǵada unamlı tásirin tiygizedi. Atap aytqanda, bir neshe úyler bir awıldı payda etedi, kóp úyler úlken awıldı, al bir neshe awıllar ruwdı, bir neshe ruwlar qáwimdi qaliplestiredi. Qáwimler birlesip awqamdı dúzedi. Awqam walayattı, walayatlar birlesip eldi payda etedi. Demek, xalıqtıń birgelikte tatıw hám tınıshlıqta awızbirshilikte, abadan turmısta jasawı shańaraqtaǵı bekkem qarım-qatnasıqlarǵa tikkeley baylanıslı ekenligin dallileydi.

Shańaraq tárbiyasındaǵı eń tiykarǵı usıllardan biri-jaqsı sóz. Xalqımızda "Jaqsı sóz-jan azıǵı", "Jaqsı tilek-yarım ırıs" degen bahalı naqıllar bar. Mehirge tolı jaqsı sóz arqalı balalarda ádep-ikramlılıqtı, kishipeyillikti, húrmet-izzetti qaliplestiriwge boladı. balanı anaw yaki mınaw únamsız háreketlerden saqlawda Sonlıqtan, bunday hareketler qanday unamsız nátiyjege alıp keletugınlıǵın ábden túsindirip, onı jaqsı tárepke baǵdarlaw kerek. Mısalı: jası úlken adamnıń aldın kesip ótpew degende eki tárbiyalıq mánisti túsindiriw kerek boladı. Birinshiden, kesip ótiw ádepsizliktiń, húrmetsizliktiń belgisi, ekinshiden, kelip turǵan nesiybeni qaytarıw yaǵnıy jası úlkenniń kewline, zeynine tiyetuǵın hareketti islesen, ol sennen qapa boladı degen mánisti bildiredi.

"Betindi jawma" degen eskertiw, ólgen adamnıń beti jawıladı, sonıń ushın bul unamsız ırım ekenligin túsindiriw kerek. Jane de beti jawıq tursa, dem alıw da qıyınlasıp, den-sawlıqqa zıyanı tiyetuǵınlıǵın aytıp túsindiriledi.

"Aq quwlardı atıwǵa bolmaydı". Aq quw-kiyeli qus bolıp, ol muhabbat, baxıt nıshanı esaplanadı. Aq quwlar hesh qashan taq jasamaydı, jup bolıp jasaytuǵınlıǵın túsindiriw menen birge, ana tábiyattımızdı qorǵawǵa, zıyan keltirmewge tárbiyalap baradı.

Jası úlkennin jolın, mártebesin bersin dep, balanı onıń ornına otırǵızıw, onnan sarqıt alıp beriw de úlken tárbiyalıq mániske iye boladı.

"Miyman kelse esikten, ırısqı keler tesikten" degen naqıl tereń mánige iye. Qaraqalpaq xalqınıń túsiniginde baxıt, nesiybe úyge kelgen qonaq penen birge keledi degen úlken tárbiyalıq mániske iye . Bul miymandoslıqqa, tatıwlıqqa, awızbirshilikke tárbiyalawdıń jáne bir usılı bolıp esaplanadı.

Dastúrxan átirapında otırıw, ózin tutıw, tamaqtı jewdi jası úlkennen baslaw, sóylemew, tógip shashpaw, jıynaqlı túrde otırıw, awqattan soń pátiya etiw, taǵamlardı tayarlaǵanlarǵa alǵıs aytıw tártipleri hám qaǵıydaları balalarda úlken juwapkershilikti hám tártip-intizamlı bolıwdı tárbiyalaydı.

Qońsı menen tatıw , aǵayınday qarım-qatnasta bolıw, doslardı durıs tańlaw, miymandos, kishipeyil bolıw qusaǵan sociallıq turmıs tárizleri balanıń keleshegi ushın oǵada áhmiyetli orındı tutadı.

Mahalleniń, jasaw ortalıqtıń bala tárbiyasına tásiri úlken."Bir balaǵa jeti máhalle ata-ana" degendey, úy-jay satıp alarda, barǵan jerdegi końsıları qanday adamlar ekenligi itibarǵa alınadı. Xalqımızda jáne maqal bar "Jaqsı úydi emes, al jaqsı qońsını satıp al" degen. Sonlıqtan qonsı-qoba, doslar, jora-joldaslardıń bala tárbiyasına unamlı jaqtan tásiri óz aldına boladı.

"Shańaraq" sózi kópshilik insanlarda hár qıylı associaciyalardı "jaqın insanlardı", " birge jasawshı tuwısqanlar toparın", "baxıtlı ata-ana, ájaǵa,ájapalar"dı, "bir birin súyiwshi erli-zayıplılar awqamın", "mehir-aqıbetli insanlar toparın",payda etip, olar "hesh waqıtta birin-biri satpaytuǵın, qollap-quwatlaytuǵın insanlar" ekenligi jáne bir márte atap ótiw orınlı.

Usı túsiniklerden kelip shıǵıp, tilimizde "shańaraq" koncepti hár qıylı "reńlerde"(sózlerde) suwretlendi. Atap aytqanda, shańaraq bul "tatıw", "kewilli", "úlken", "súykimli", "baxıtlı", "mehriban","jaqsı", "miynetkesh", "kóp balalı", "bay", "ájayıp", "mádeniyatlı", "támiyinlengen", "qalalı","awıllıq", "bilimli", "teńsiz", "ǵamxorshı", "tınısh", "seni bárha kútiwshi" qusaǵan ájayıp sózler menen atalıp keledi.

## Ádebiyatlar

1. Степанов Ю.С. Константы: Словарь русской культуры. Опыт исследования. - М.: Школа "Языки русской культуры", 1997.
2. Лихачев Д.С. Концептосфера русского языка // Освобождение от догм: история русской литературы: состояние и пути изучения / РАН, Ин-т мировой литературы им. А.М. Горького; отв. ред. Д.П. Николаев. -М.: 1997. Т. 1. -С. 33–42.
3. Маслова В.А. Лингвокультурология.–М.: «Академия», 2001. - С.208
4. Safarov Sh. Kognitiv tilshunoslik. “Sangzor” nashriyoti, 2006.
5. Qaraqalpaq folklorı 100 tomlıq. –Nókis: “Ilim”. 2015. T. 88-100.

**REZYUME**. Ushbu maqolada kontsept tushunchisi qoraqalpoq tilidagi «oila» kontseptiga tegishli qoraqalpoq aholisining madaniyati asosida tilda qo‘llaniladigan har xil atamalar bilan solishtirib o‘rganilgan. Antropotsentrik yo‘nalish bo‘yicha tilning asosiy omili inson ekanligianiq. Odamning muhitdagi o‘rni, qoraqalpoq oilalarinda qo‘llaniladigan atamalarding xizmati ilmiy manbalargatayangan holda aniqlandi. «oila» kontseptin yanada churroq o‘rganish, qoraqalpoq tilining izoh so‘zlari, maqol-matallari, etnografiyalıq materiallaridan ko‘proq foydalanildi. Shu tariqa «oila» kontsepti bilan aloqador so‘zlar to‘laroq tushincha berildi.

**РЕЗЮМЕ.** В данной статье понимание концепта, связанного с понятием «семья», в каракалпакском языке исследуется путем сравнения его с различными терминами, используемыми в языке, исходя из культуры каракалпакского населения. Согласно антропоцентрическому подходу, ясно, что главным фактором языка является человек. Место человека в окружающей среде, термины, используемые в каракалпакских семьях, определялись на основе научных источников. Более подробно изучено понятие «семья», больше использованы пояснительные слова каракалпакского языка, пословицы, этнографические материалы. Такимобразом, былиполностьюпонятыслова, связанныеспонятием «семья».

**SUMMARY.** In this article, the understanding of the concept associated with the concept of “family” in the Karakalpak language is explored by comparing it with various terms used in the language based on the culture of the Karakalpak population. According to the anthropocentric approach, it is clear that the main factor of language is man. The place of man in the environment, the terms used in Karakalpak families, were determined on the basis of scientific sources. The concept of “family” was studied in more detail, explanatory words of the Karakalpak language, proverbs, and ethnographic materials were used more. Thus, the words associated with the concept of “family” were fully understood.

## Т.ҚАЙЫПБЕРГЕНОВТЫҢ ШЫҒАРМАЛАРЫНДА АПОСИОПЕЗАНЫҢ ҚОЛЛАНЫЛЫЎЫ

**Ҳ.Е.Даўлетмуратова** – *үлкен оқытыўшы*
*Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты*

**Таянч сўзлар:** яшириш, апосиопеза, стилистик фигура, эмоционал апосиопеза, махсус апосиопеза, аудитория ҳурматига қаратилиб айтилган апосиопеза, ўтма апосиопеза, эмфатик апосиопеза.

**Ключевые слова:** умолчание, апосиопеза, стилистическая фигура, эмоциональная апосиопеза, специальное апосиопеза, апосиопезис к уважающий аудиторию, транзитив апосиопеза, эмфатическая апосиопеза

**Key words:**hiden, aposiopesis, stylistic figure, emotional aposiopesis, special aposiopesis, audience-respecting aposiopesis, transition aposiopesis, emphatic aposiopesis.

«Жасырыў» - aposiopeza стилистикалык фигура болып оқыўшы ямаса тыңлаўшының айтылажақ ойға, пикирге дыққатын аўдарыў ушын гэптиң ортасында ямаса кейнинде үзилиске түсип тамамланбай қалыўы болып ол гуманланыў сезимин ямаса сөйлеўшиниң даўам етиўди қәлемеўи итибарды тартады [1:85]. Жасырыў рус ҳәм дүнья илимпазлары қызығыўшылығын өзине тартқан риторикалық қурал.

"Риториклық қурал" - бул әдебий стилистикалық термин болып, ой пикирди билдириўде тилден пайдаланыўдың ҳәр қандай усылын аңлатады. Бул қураллар текстте экспрессивлик, стилистикалық хам әдебийлик жаратыўда қолланылады. Риторик техникаға мысал ретинде анафора, эпифора, антитеза ҳәм басқалар киреди. Олар көбинесе еффект жаратыў, дәлийллерди күшейтиў ямаса оқыўшы ҳәм тыңлаўшылардың итибарын тартыўда ислетиледи.

Апосиопезаны – жасырыўды рус илимпазы Е.П.Сеничкина функционал-семантикалық категория десе [4:24], проф. В.В.Виноградов предмет ямаса затлар сүўретлениўлери, ўақыя нәтийжелилиги ҳәм ҳәдийселер избе излигиниң әдебий эллиптикалық сәўлелениўи/категориясы деп түсиндиреди. Ал, «Культура русской речи» («Рус тили мәденияты») Энциклопедиялық түсиндирме сөзликте апосиопезаны яғный оның мәнисиниң бир бөлеги сөзлер менен (аўызша емес/новербал) емес, субтекстте берилгенде дусмаллаў арқалы жеткерилип бериливи «риторикалық көркемлеў қуралы» деп анықлама берилген» [3:72-74]. Улыўма алғанда барлық түрдеги анықлама ҳәм түсиндирмелер термини толық айтылмаған тамамланбағанлықты көрсетеди.

Бул мақалада, биз жасырыў сөйлеў хәм текстлик қубылыс сыпатында сөздиң семантикалық толықсызлығы ямаса белгисизлигин қастан жасырыўдан ибарат болып, сөйлеўши мағлыўматты жасырыўға умтылыўынан, ямаса оны тиккелей жеткизип бериўди қәлемеўи себепли, толық емес ямаса ярым түрде билдирилиўи деп түсиниледи.

Сөйлеўдеги жасырыў хәр түрли функцияларды орынлай алады. Е.П.Сеничкина айтқанындай сөйлеўшиниң нийетине байланыслы үнсизлик хабарды жасырўға бағдарланыўы мүмкин, (белгисиз) ямаса дусмаллаў яки жумбақ болады [4:57]. Басқаша айтқанда, сөйлеў үнсизлигиниң негизги функцияларын жасырыў және мензеў деп санаўға болады. Дусмаллаў үнсизлигиниң мақсети мәнили белгисизлик пенен түсиниксизликти миннетли түрде сақлай отырып, мүмкин коммуникатив тәўекелликти болдырмаўға, жиберилген хабарлама ушын жуўапкершиликти алып таслаўға көмеклесетуғын мағлыўматты хабарлаў.

Инглис ҳәм рус илимпазлары Апосиопеза – «умолчания» стилистикалық фигура сыпатында әдебий шығармаларда қолланылыўын изертлей отырып түрли формаларын атап өткен. Рус илимпазы Е.П.Сеничкина жасырыў «умолчания» мәнисиниң семантикалық инвариантын үш өлшемли комплекс деп белгилеген ҳәм 1) рәсмий таңлаў мүмкинлиги, 2) сәйкеслендирилмеген, 3) анықланған, бирақ берилмеген деп жасырыўдың үш категориялық инвариантын парадигмалык микромайданларда конкретлестирген ҳәм ол 1) ис жүзинде /анық жасырыў (собственно умолчания) билемен, бирақ айтпайман, 2) дусмал жасырыў (умолчания-намёка) - билемен, айтпайман, шамалаңыз түрине ийе [4:24].

Инглис излениўшиси Балдвин «Апосиопеза сөйлеўшиниң сөзинде күтилмегенде жүз беретуғын үзилиси болып, ол көбинесе аўызеки сөйлеў түринде ушрасады. Буған күшли сезим ямаса гәпти тамамлаўды қәлемеў себеп болады. Әдебий шығармалар усылында сөйлеўдеги тәнепис, иркилиў көбинесе оның тәбийийлигин жетириў ушын диалогларда ислетиледи. Ал, жазба сөйлеўде мәлим бир стилистикалық мақсетлерде пайдаланылғанда шығармадағы күтилмеген «тәнепис» ямаса «break - үзилиси» апосиопезаны стилистикалық график көркемлеў қуралы деп анықлама береди [5:3]. Сондай-ақ инглис тили стилистикасында апосиопеза бир қатар ноқат ямаса сызықша менен белгиленеди деп пикир билдирген».